МКОУ «Кокрекская СОШ» РД

«Согласовано»
зам. директора по УВР
_______ Алиев А.Н.
«30» августа 2017 г.

«Утверждено»
Директор МКОУ «Кокрекская СОШ»
_______ Омаров Х.
«30» ______ 2017 г.

# 8 КЛАССАЛЪУЛ АВАР МАЦIАЛЪУЛ ХIАЛТIУЛ ПРОГРАММА.

(Учебник : М.М.МуртазагIалиев)

СагIтазул къадар: 68

Анкъида жаниб сагIтазул къадар: 2

Авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим:

Юнусова Муъминат Гаджиевна

# Баяналъул кагъат.

ХIалтIул программа гIуцIун буго гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул программаялъул кьочIодалъун.
Авар мацIалъул программаялъул автор: ХIасанов А. Гь.
Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул министерствоялъ тасдикъ гьабураб.
МахIачхъала: НИИ педагогикаялъул издательство.
Авар мацIалъул тематикияб план гIуцIун буго учебникалдаса «Авар мацI 8-9 кл.».
Автор: М.М. МуртазагIалиев.
Махачкала: издательство НИИ педагогики.
Программаялда бихьизабун буго 68 сагIат.
Калам цебетIезаби: 18 сагIат.

## СагIтазул рикьи:

### Такрар гьаби (5 с.)

### Синтаксис ва пунктуация.

### РагIабазул дандрай (4 с.)

1. РагIабазул дандрай. РагIабазул дандраялъул гIуцIи ва кIвар. РагIабазул сокIкIиналъулаб рухьен; набилълъиналъулаб рухьен ва гьелъул тайпаби: рекъонккей, управление, примыкание (лъай-хъвай гьаби).
2. РагIабазул дандраязулъ цогиялда жиб бараб рагIи битIун хIалтIизабизе лъай. Предложениялда жанир рагIабазул дандраял ратизе ва гьезда гьоркьоб грамматикияб бухьен чIезабизе ругьун гьари.

### Предложениял (3 с.)

1. Предложение ва гьелъул гIуцIи. Подлежащеялъулгун ва битIараб дополнениялъулгун сказуемоялъул бухьен (лъай-хъвай гьаби). Предложениязулъ рагIабазул тартиб. Логикияб ударение. Предложениязул тайпаби.
2. РагIабазул дандраяздаса предложениял гIуцIизе лъай. Логикияб ударениялде ва рагIабазул тартибалде балагьун, предложениялъулъ бищунго кIвар бугеб рагIи батIа гьабизе бажари. МагIнаялде ва абиялде балагьун, тексталда жанир предложениязул тайпаби ратIа гьаризе лъай. Цо тайпаялъул предложение цогидаб тайпаялъул предложениялде хисизабизе бугеб бажари камиллъизаби.

### Предложениялъул бетIерал членал (7 с.)

1. *Подлежащее. Подлежащеелъун батIи-батIиял каламалъул бутIаби ккей. Подлежащеялъул падежиял формаби. Сказуемое. ГIадатаб сказуемое. Составияб сказуемое: цIарулаб составияб сказуемое, глаголияб составияб сказуемое. Подлежащеялдаги сказуемоялдаги гьоркьоб тире. БитIараб дополнение. БитIараб дополнениелъун кколел каламалъул бутIаби. Аслияб падежалдаги ругел подлежащеяздаги гьоркьоб батIалъи. ЦIарулал ва составиял глаголиял сказуемоялги гьоркьоре ккезарун, предложениял гIуцIизе лъай. БитIараб дополнениегун предложение гIуцIизе лъай.*

## *Прдложениялъул бетIерал гурел членал (8 с.)*

1. *Хъвалсараб дополнение. Хъвалсараб дополнениелъун кколел каламалъул бутIаби. Определение. Определениелъун кколел каламалъул бутIаби. Рекъон ккарабги ва рекъон ккечIебги определение ва гьелда хурхун рукIунел гъалатIал. Цадхълъел. Цадахълъелазулъ лъалхъул ишараби. ХIал. МагIнаялде балагьун хIалазул тайпаби: заманлъун, бакIлъун, ишалъул куцлъун, гIилла-мурадлъун кколел хIалал.*
2. *БатIи-батIиял падежазул формабазда хъвалсарал дополниялги ккезарун, предложениял ургъизе ругьун гьари. Рекъон ккаралги рекъон ккечIелги определениял жиндирго каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. БатIи-батIиял рагIаби цадахълъелаллъунги ккезарун, предложениял гIуцIизе ва гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе лъай.*

## *ТIиритаIарал ва тIиритIичIел предложениял (такрар гьаби) ( 1 с.)*

1. *ТIиритIарал ва тIиритIичIел предложениял.*
2. *Кьурал предложенияздa бетIерал гурел членалги тIаде журан, гьел тIиритIизаризе ругьун гьари. ТIиритIарал предложенияздa жанир бетIерал членал ратизе бажари.*

## *ГIуцIиялъул рахъалъ гIадатаб предложениялъул тайпаби (4 с.)*

1. *БетIерал членал баянаб предложение. Подлежащее баянлъичIеб предложение, подлежащее гьечIеб предложение, битIараб дополнение гьечIеб предложение, цIарлъовул предложение.*
2. *Церехун рехсарал предложениязул тайпаби жидерго каламалъулъ хIалтIизаризе бажари.*

## *ТIубараб ва тIубачIеб предложение (2 с.)*

1. *ТIубарал ва тIубачIел предложениял.*
2. *ТIубарал ва тIубачIел предложениял цоцаздаса ратIарахъизе ва гьел жидерго каламалъулъ хIалтIизаризе лъимал ругьун гьари.*

## *Предложениялъул тайпа цоял членал (4 с.)*

1. *Союзалгунги союзал гьечIогоги тайпа цоял членал такрар гьари. Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби. Тайпа цоял членалгун цадахъ гIамлъул рагIаби ва гьезулъ лъалхъул ишараби.*
2. *Тайпа цоял членаздаса рагIи такрарлъи батIа бахъизе лъай. Тайпа цоял членалгун цадахъ гIамлъул рагIаби ругеб предложение, интонацияги цIунун, пасихIго цIализе ругьун гьари. Тайпа цоял членалги гьоркьоре ккезарун, предложениял гIуцIизе лъай. Тайпа цоял членазе данде кколел гIамлъул рагIаби рищун росизе лъай. Тайпа цоял членалгун прдложениязулъ лъалхъул ишараби битIун лъезе лъай.*

## *ХитIабгун, гьоркьор ккарал рагIабигун, У ва Гуро рагIабигун ва междометиялгун предложениял (4 с.)*

1. *ХитIаб (такрар гьаби). БитIараб хитIаб. ХитIабалда цадахъ лъалхъул ишараби. Гьоркьор ккарал рагIаби, предложениял ва гьезулъ лъалхъул ишараби.*

2. *ХитIабги гьоркьор ккарал рагIабиги ругел предложениял, интонация цIунун, цIализе ва лъалхъул ишараби битIун лъезе ругьун гьари. Каламалъулъ хитIабги гьоркьор ккарал рагIабиги хIалтIизаризе лъай. ТIиритIичIелги тIиритIаралги хитIабал гьоркьоре ккезарун, гьитIинабго хабар гIуцIизе лъай.*

## РатIалъизарурал членалгун предложениял (5 с.)

1. *РатIалъизарурал членазул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. РатIалъизарурал определениял ва цадахълъелал. РатIалъизарурал хIалал. ХIалал дурус гьаризе хIалтIизарулел рагIаби ва рагIабазул дандараял. РатIалъизарурал членазда цадахъ хасал рагIаби. РатIалъизарурал членазулъ лъалхъул ишараби.*
2. *РатIалъизарурал членалгун предложениял каламалъулъ хIалтIизаризе ва гьел букIине кколеб интонациягун цIализе лъай. РатIалъизарурал членал лъалхъул ишарабаздалъун тIезаризе лъай.*

## 8 классалда щибаб четверталда гьарулел батIи-батIиял хъвавул хIалтIабазул къадар.

| Четверть. | I | II | III | IV |
|---|---|---|---|---|
| Диктант. | 1 | | 1 | 1 |
| Контролияб диктант. | 1 | 1 | 1 | 1 |
| Изложение. | | 1 | 1 | 1 |
| Сочинение. | 1 | 1 | 2 | 1 |

| Четверть. | РагIи |
|---|---|
| Диктант. | 120-130 |
| Словарияб диктант. | 25-30 |
| Изложение. | 240-300 |
| Сочинение. | 160 (тIанчил гьум. 2-2,5) |

# Къиматал лъезе чIезарурал нормаби.

## Диктантазе къимат лъолеб куц.

| | |
|---|---|
| «5» | къимат лъола гъалатI гьечIеб хIалтIуе. Гьеб къимат лъолеб диктанталда букIине бегьула битIунхъваялъулъ бичараб 1 сакъат (гьитIинаб гъалатI) яги лъалхъул ишараби лъеялъулъ ккараб 1 гIунгутIи. |
| «4» | къимат лъола битIунхъваялъулъ 2 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 2 гъалатI бугеб, яги битIунхъваялъулъ 1, лъалхъул ишарабазулъ 3, яги битIунхъваялъулъ цониги гъалатIги гьечIеб, лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалатI бичараб диктанталъе. Лъезе бегьула битIунхъваялъулъ цого тайпаялъул 3 гъалатI ккун батани. |
| «3» | къимат лъола битIунхъваялъулъ 4 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI батараб диктанталъе, яги битIунхъваялъулъ 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 5, яги битIунхъваялъулъ цониги гъалатI гьечIеб, лъалхъул ишараби лъеялъулъ 7 гъалатI ккараб хIалтIуе. |
| «2» | къимат лъола битIунхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 8, яги битIунхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 9, яги битIунхъваялъулъ 8 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 6 гъалатI бичараб диктанталъе. |
| «1» | къимат лъола кIийилаб къиматалъе рихьизарурараздаса цIикIкIун гъалатIал ругеб диктанталъе. |

Диктанталъе гъалатIал рикIкIунеб чанго батIияб къагIида бихъизабун буго. Амма щибаб къиматалъе гъалатIазул гIурхъи чIезабун буго. «4» къиматлъе гъединаб гIурхъилъун ккола битIунхъваялъул 2 гъалатI, «3» къиматалъе 4 битIунхъваялъул гъалатI, (5 классалъе битIунхъваялъул 5 гъалатI) , «2» къиматалъе 7 битIунхъваялъул гъалатI. Гьеб чIезабураб гIорхъодаса гъалатIазул къадар тIаде ани, рехсарал къиматал лъезе бегьуларо.

## Грамматикиял тIадкъаял тIуразариялъе къиматал лъолеб куц:

| | |
|---|---|
| «5» | къимат лъола, гъалатI гьечIого, киналго тIадкъаял тIуран ратани. |
| «4» | къимат лъола, киналго тIадкъаязул ункъилъа лъабил бутIа (3/4) битIун гьабун батани. |
| «3» | къимат лъола, бащадалниги тIадкъаял битIун гьарун ратании. |
| «2» | къимат лъола, бащадалдаса дагь гурони, битIун тIураразул тIадкъаял ратичIони. |
| «1» | къимат лъола, цIалдохъанас цониги тIадкъай тIубан батичIони. |

## Контролияб словарияб диктанталъе къиматал лъолеб куц:

| | |
|---|---|
| «5» | къимат лъола  гъалатI гьечIеб диктанталъе |
| «4» | къимат лъола  1-2 гъалатI биччан батараб диктанталъе. |
| «3» | къимат лъола  3-4 биччан батараб диктанталъе. |
| «2» | къимат лъола 5-ялдаса 7-ялде щвезегIан гъалатIал ккун ратани. |
| «1» | къимат лъола 7-ялдаса цIикIкIун гъалатI биччан батани. |

## Сочинениязе ва изложениязе къимат лъолеб куц.

| Къимата-тал | ХIисабалде росизе кколел аслиял рахъал | |
|---|---|---|
| | МагIна ва калам гIуцIи | БитIунхъвай |
| «5» | Къураб темаялдаса къуричIеб хIасилалъул хIалтIи. МагIнаялъулъ гъалатI гьечIолъи. Планалда рекъараб, гьеб гьечIогоги, хадуб цебе рекъон бачIараб магIна букIин. ХIалтIи букIине ккола бечедаб, лексикаялъул, рагIи херхиналъул рахъалъ мухIканаб, предложениязул гIуцIиялъул ва гьел дандраялъул рахъалъан батIи-батIиял ресаздаса пайда босараб. Текстаалъул мацIалъул букIуна дурусльи ва гIураб пасихIлъи. БукIине бегьула магIнаялъулъ 1 сакъатги, калам гIуцIиялъулъ 1-2 гIунгутIиги. | БукIине бегьула 1 битIунхъваялъул,  яги 1 лъалхъул ишараби лъеялъул, яги 1 грамматикияб гъалатI. |

| | | |
|---|---|---|
| «4» | Къураб темаялдаса дагьа-макъабго гурони къури гьечIеб магIнаялъул хIалтIи. Аслияб къагIидаялъ хIасил битIарабги букIун, магIнаялъулъ цо-цо сакъат ккараб. Хъвараб жо хадуб-цебе рекъон бачIиналъулъ дагьа-макъал гIунгутIаби ругеб. Калам гIуцIизе рагIул бечелъиялдаса ва грамматикиял къагIидабаздаса гIураб къадаралда пайда босараб. Бицунеб жоялда мухIканаб рекъараб литературияб мацI букIин. Гьениб ккун букIине бегьула магIнаялъулъ 2 сакъат, калам гIуцIиялъулъ 3-4 гIунгутIи. | БукIине бегьула битIунхъваялъул 2, лъалхъул ишараби лъеялъул 2 гъалатI, яги битIунхъваялъул 1 ва лъалхъул ишарабазул 3, яги битIунхъваялъул гъалатI гьечIеб, лъалхъул ишараби лъеялъулъ 4 гъалатI, гьединго 2 грамматикияб гъалатIги. |
| «3» | ХIасил къураб темаялдаса лъикIго къуризе биччан бугеб. Аслияб къагIидаялъ хIасил битIараб бугони, магIнаялъулъ гIунгутIаби риччараб. Хадуб-цебе рекъон бачIиналъулъ цо-цо сакъатал ругеб. Мукъсанаб лексикаялъул, цого тайпаялъул предложениялдаса данде гьабураб хIалтIи батани, мекъи рагIаби хIалтIизариялъул хIужжаби дандчIвалеб. МацIалъул рахъалъан дурусльи, мухIканлъи цIунизе кIвечIеб. Хъвалеб жоялъул магIнаялъулъ 4 сакъат ва калам гIуцIиялъулъ 5 гIунгутIи ккун букIине бегьула. | БукIине бегьула битIунхъваялъул 4, лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI, яги битIунхъваялъул 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 5 гъалатI, яги битIунхъваялъул гъалатIги гьечIого, лъалхъул ишараби лъеялъул 7 гъалатI(5 кл.: битIунхъваялъул 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI, гьединго грамматикияб 4 гъалатI). |
| «2» | Къураб темаялда данде кколареб хIасилалъул хIалтIи. МагIнаялъулъ гIемерал гIунгутIаби риччараб. Хъвараб жоялъул киналго бутIабазда гьоркъоб хадуб-цебе рекъон бачIиналъул тартиб гьечIеб, текст планалда данде кколареб. ЦIакъго мукъсанаб лексикаялъул, къокъал, цого тайпаялъул, цоцаздехун загIипаб гурони бухьен гьечIел предложениялдасан гIуцIараб, мекъи хIалтIизарурал рагIаби ругеб хIалтIи. Тексталъул магIнаялда рекъараб мацI гьечIеб. МагIнаялъулъ 6 ва калам гIуцIиялъулъ 7 гIунгутIи ккун букIине бегьула. | Биччан букIине бегьула битIунхъваялъул 7 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 7 гъалатI, яги битIунхъваялъул 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 8, яги битIунхъваялъул 5, лъалхъул ишараби лъеялъул 9 гъалатI. |
| «1» | ЦIалдохъанас хъвараб хIалтIулъ биччан бугони магIнаялъулъ 6-ялдаса цIикIкIун ва калам гIуцIиялъулъ 7-ялдаса цIикIкIун гъалатI. | Биччан батани 7-ялдаса цIикIкIун битIунхъваялъул ва 7-ялдаса цIикIкIун лъалхъул ишарабазул ва 7 грамматикияб гъалатI. |

**Баян.** 1. Мисалияб къадаралдаса сочинение 1,5-2 нухалъ кIудияб яги гьитIинаб бугони, битIунхъваялъе «4» къимат лъолелъул цо, «3» къимат лъолелъул кIиго гъалатI тIаде жубала яги тIаса бахъула. Масала, «4» къимат лъола битIунхъваялъул 3, лъалхъул ишараби лъеялъул 2, грамматикаялъул 2 гъалатI батани, яги гьебго тартибалда:2-3-2, 2-2-3, «3» къимат лъола битIунхъваялъул 6, лъалхъул ишараби лъеялъул 4, грамматикаялъул 4 гъалатI бугони, яги гьебго тартибалда гьадинаб къадаралъул гъалатIал ратани:4-6-4,4-4-6.

2. КъучIаб, жиндирго пикруялда берцинаб литературияб мацIалъ цIалдохъанас гъваридаб магIнаялъул сочинение хъван батани, учителас цо ракъаналъ цебесеб (ай адабияталъе лъолеб) къимат тIаде бачине бегьула.
3. ХIасилалъухъ ва калам гIуцIиялъухъ лъикIаб къимат лъезе рес гьечIо, сочинениялъул тема рагьун батичIони, гьелъул цогидал рахъал рагьунелругониги.

## Ругьунлъиялъул хIалтIабазе къимат лъолеб куц.

Контролиял хIалтIабазда дандеккун, ругьунлъиялъул диктантазе ва цогидалги батIи-батIиял хъвавул хIалтIабазе къимат лъола дагьаб къваризабун.
Ругьунлъиялъул хIалтIабазе къимат кьолелъул хIисабалде босула:
1) Живго жиндаго чIун цIалдохъанасухъа бажарараб жо;
2) Малъараб материал бичIчIун бугеб куц;
3) ХIалтIул кIодолъи-гьитIинлъи.
Ккезе бегьулел гъалатIазде цебеккунго лъималазул кIвар буссинабун бугони, «5», «4» къиматал лъола цониги гъалатI гьечIеб, ккараб жинцаго битIизабураб хIалтIиялъе. Гьезда гьоркьосанги цояб къимат тIаса бищи бараб буго хIалтIул бацIцIалъиялда, хатIалъул берцинлъиялда.
Диктанталдаса кIудияб ругьунлъиялъул хIалтIуе «4» къимат лъезе бегьула, 1-2 гъалатI ккунги букIун, гьелги жинцаго ритIизарун ратани. Классалда букIа, рокъоб букIа цIалдохъанас хъвараб ругьунлъиялъул хIалтIухъ хал гьабула, гьелъие къимат лъей-лъунгутIи живго учителасул иш буго: кIвар бугелъе лъела, гьечIеб бер щвезабун тезеги бегьила. Ккезе бегьулел гъалатIазде цебеккунго лъималазул кIвар буссинабичIого, тIубанго жалго жидедаго чIун, цIалдохъабаз хъварал хIалтIабазе къимат лъола гьеб тайпаялъул контролиял хIалтIабазе чIезарурал нормабазда рекъон.

# Авар мацӀалъул

# ва адабияталъул

# 8 классалъул

# тематикияб план.

## VIII классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал.

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

- рабазул дандраязул, батIи-батIиял тайпабазул гIадатал предложениязул, ратIалъизарурал члеаналгун предложениязул синтаксияб разбор гьабизе;
- рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен баян гьабизе;
- цо составалъул, кIиго составалъул ва лъабго составалъул, тайпа цоял ва ратIалъизарурал членал, обращениял ва гьоркьор ккарал рагIаби (предложениял) ругел гIадатал предложениял гIуцIизе;

**ЦIалдохъабазда бажаризе ккола:**

**Пунктуациялъул рахъалъан:**

- VIII классалда малъарал пунктограммаби ратун, гьенир лъалхъул ишараби лъезе;
- тайпа цоял членал, хитIаб, гьоркьор ккарал рагIаби ва междометиял, ратIалъизарурал членал ругел предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе;
- кколеб бакIалда подлежащеялдаги сказуемоялдаги гьоркьоб тире лъезе.

**Калам гIуцIиялъул рахъалъан:**

- культуриял ва тарихиял бакIазул сурат цебечIезабулел текстазда тIасан изложение хъвазе;
- художествиял текстал пасихIго цIализе;
- жиндирго автобиография бицине (абунги хъвнанги);
- газеталъе макъалаби, данделъиялъул протокол хъвазе;
- захIматалъул темаялда ва гь.ц.тIасан творческиял сочинениял хъвазе.;

| № | Дарсил тема | Дарсида гьабулеб хIалтIул система | Словарияб хIалтIи | р/хI | КЪо МОЦ1 | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 6-7 кл. малъараб материал такрар гьаби.<br>Фонетика. | ХI. 1,3,4 бицун тIубазе, хI. 2 хъвазе. | Ххвел, гъари, кар, гъвари, къвали, сак | §1. Учителас къурал рагIабазул фонет. разбор гьабизе. | 01.09 | |
| 2 | 6-7кл. малъараб материал такрар гьаби.<br>Лексика ва фразеология. | ХI. 5,6 бицун тIубазе, хI. 7 хъвазе.<br>Фразеологиял сверелазул словарьгун хIалтIизе. | ТIех, жергъен, гIарада, нахъарукъ, цIолбохъаби, ашрафи, азнавур | §2. Фразеолог-ял сверелалгун предл. ургъизе. | 04.09 | |
| 3 | 6-7кл. малъараб материал такрар гьаби.<br>РагIул гIуцIи ва рагIи лъугьин. | ХI. 10 бицун тIубазе, хI. 8,9 хъвазе. | ОцхIутI, бесдалмахIу,тIе-метIибагIар, хинкIбахъ, багIаргьоло, квердаххел, щакъитIел, оцмахIав. | §3. РагIи гIуцIиялъул разбор гьабизе.(учит. кьела рагIаби) | 08.09 | |
| 4 | 6-7кл. малъараб материал такрар гьаби.<br>Морфология. | ХI. 11, 14 бицун тIубазе, хI.12 хъвазе. | Лебалал, АТС | § 4 хI. 15 | 11.09 | |
| 5 | **Диктант (тIадкъаялгун).** | | | | 18.09 | |
| 6 | **Синтаксис ва пунктуация.**<br>Предложениялдаса рагIабазул дандраялъул батIалъи. | ХI. 16,19 бицун тIубазе, хI.17,18 хъвазе. | Кьодул ссак, гъалайчи | § 5 хI.20 | 22.09 | |
| 7 | Калам цебетIезаби. Сочинение-пикру загьир гьаби **«Инсанасул гIумруялда жаниб тIохьол роль».** | | | | 25.09 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 8 | РагIабазул дандраязулъги предложениязулъги рагIабазул бухьен. | XI. 22,23 хъвазе. | ТIулакъераб, кIанцIеро | § 6 хI. 27. | 29.09 | |
| 9 | РагIабазул дандраязулъги предложениязулъги рагIабазул бухьен. | XI. 24 хъвазе | Гарнизон, ритIухъал, кадет. | § 6 | 02.10 | |
| 10 | **Калам цебетIезаби. Автобиография.** | | | | 04.10 | |
| 11 | РагIабазул дандраязулъ ва предложения-зулъ рагIабазул тартиб. | Карточкабигун хIалтIизе. XI. 28,29 хъвазе. | ТIупараб, цудунго | § 7 | 09.10 | |
| 12 | Хабариял, суалиял, тIалабиял предложениял. АхIул предложениял. | XI. 172 хъвазе. Цо тайпаялъул предложение цогидаб тайпаялъул предложениялде хисизе. | Семизе, къисмат, мустахIикъал | § 9 предл. ургъизе. **(К/ц)** | 11.10 | |
| 13 | Диалог. Монолог. МагIнаялъулаб ударение. | XI. 34 бицун тIубазе, хI.38 хъвазе. | Хьордон, амбулатория | хI. 36 **(К/ц)** | 16.10 | |
| 14 | **Контролияб диктант.** | | | | 18.10 | |
| 15 | ТIиритIарал ва тIиритIичIел предложениял. | XI. 41,39 бицун тIубазе, хI.42 хъвазе **(синтаксияб разбор гьабизе)** | ТIимугъ, михир, область. | XI. 43п редл. синтаксияб разбор гьабизе. | 23.10 | |
| 16 | **Калам цебетIезаби. ГIурусалдаса авар мацIалде батIи-батIиял стилазул текстал руссинаризе.** | МугIалимас бищула кинаб стилалъул текст босизе бугебали. | | | 25.10 | |
| 17<br>II ч. | **Предложениялъул бетIерал членал.**<br>Подлежащее. | XI.44 бицун тIубазе, хI.46 хъвазе. | ЧIулх, хIарчч | § 11 хI.46 | 06.11 | |
| 18 | Сказуемое. ГIадатаб глаголияб сказуемое. | XI.49 бицун тIубазе, хI. 50,52 хъвазе. | | § 12-13 хI. 51 | 08.11 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 19 | ЦӀарулаб составияб сказуемое. | ХI. 54, 55 хъвазе | Юргъачу, макънатIис | §14 хI. 56 **(К/ц)** | 13.11 | |
| 20 | Глаголияб составияб сказуемое. | ХI. 61,64 бицун тIубазе, хI. 60 хъвазе. | Кагьру, маржанал, муштукал. | §15 хI. 65 **(К/ц)** | 15.11 | |
| 21 | **Калам цебетIезаби. Изложение «ХIанчIи-ахазул гьудулзаби».** | | | | 20.11 | |
| 22 | БитIараб дополнение. | ХI. 68, 67 бицун тIубазе, хI. 66 хъвазе. | | §16 хI. 69 **(К/ц)** | 22.11 | |
| 23 | **Предложениялъул бетIерал гурел членал.** Определение. | ХI. 71 бицун тIубазе, хI. 74 хъвазе. | НакIкIирохъ, авлахъ | §17 | 27.11 | |
| 24 | Определение. | хI.73. **(К/ц)** | | §17 | 29.11 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 25 | Цадахълъел. | ХI. 75, 76 хъвазе, | Куцквеш, палихъан, шагьра нух, щагIихъаби, бархъалисел | §18 хI. 78 **(К/ц)** | 04.12 | |
| 26 | **Калам цебетIезаби. Сочинение. Инсанасул сипат-сурат гьаби.** | Мисалалъе сочинение цIали. | | | 06.12 | |
| 27 | Хъвалсараб дополнение. | ХI. 79 бицун тIубазе, хI. 84 хъвазе. | Яшав. | §19 хI. 80 **(К/ц)** | 11.12 | |
| 28 | **Контролияб диктант (тIадкъаялгун).** | | | | 13.12 | |
| 29 | **ХIалал.** БакIлъун бугеб хIал. | ХI. 86 бицун тIубазе, хI.88 хъвазе. | Нилъ, | § 20-21 хI. 88 **(К/ц)** | 18.12 | |
| 30 | Заманлъун бугеб хIал. | ХI. 92 бицун тIубазе, хI.91 хъвазе. | | § 22 хI. 93 **(К/ц)** | 20.12 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 31 III ч. | Контролияб хIалтIи (тест). | | | | 25.12 | |
| 32 | Ишалъул куцлъун тIаджубараб предложение. | XI. 94 бицун тIубазе, хI.95хъвазе. | ЧIагIа, къанцIвилеб, авлахъ | § 23 хI. 96 | 27.12 | |
| 33 | ГIилла-мурадлъун бугеб хIал.. | XI. 98,99 хъвазе | КIаркъен, самизе, чIап, пахъ, хъиру, гIалах. | § 24 | 10.01 | |
| 34 | **ГIадатал предложениязул тайпаби.** Подлежащее баянлъичIеб предложение. | XI. 100 хъвазе, учителас босила материал. | Чури, кIалцIи. | § 25 3 предл.ургъизе. | 15.01 | |
| 35 | **Калам цебетIезаби. Изложение «Имам Шамил».** | | | | 17.01 | |
| 36 | Подлежащее гьечIеб предложение. | XI. 101 хъвазе. | Лагьун, гIакарумагIарда | §26 3 предл.ургъизе. | 22.01 | |
| 37 | БитIараб дополнение гьечIеб предложение. | XI. 102 хъвазе. | ЧIинкъана, зинкIкIана, гидана, хIунсана. | § 27 | 24.01 | |
| 38 | ЦIарлъовул предложение. | XI. 103 бицун тIубазе, 105 хъвазе. | Бакъбаккул, жулан, бакълъи, кIалгIа. | § 28 хI 104. **(К/ц)** | 29.01 | |
| 39 | **Калам цебетIезаби. Сочинение « Дун мугIалимлъун вукIаравани…».** | Кумекалъул суалал хIадур гьари. | | | 31.01 | |
| 40 | ТIIубараб ва тIубачIеб предложение. | XI. 109, 110 хъвазе. | | § 29 | 05.02 | |
| 41 | **Диктант.** | | | | 07.02 | |
| 42 | Предложениялъул тайпа цоял членал. | XI. 111, 114 бицун тIубазе , хI. 113 хъвазе. | Ресукълъи, рухIдакълъи | § 30 хI.115 **(К/ц)** | 12.02 | |
| 43 | Тайпа цоял членалгун союзал. | XI. 116 хъвазе | | §31 | 14.02 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 44 | *Калам цебетIезаби. Сочинение.* ***ЦIалараб асралъе къимат къей.*** | | | | 19.02 | |
| 45 | *Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби.* | *XI. 121 хъвазе* | *Ссан, сага, зутIи, хандакъ, гъалай, цIабуцIизе, миндар, къили-тIенкI* | *§ 32 хI.119* | 21.02 | |
| 46 | *Тайпа цоял членалгун цадахъ гIамлъул рагIаби.* | *XI. 123, 124, 125 , 127 бицун тIубазе, хI. 126 хъвазе* | *Гъад, рицI, чинари, лъор,тIатизе, лебаллъи, пагьму, палхIасил* | *§ 33* | 26.02 | |
| 47 | ***Контролияб диктант.*** | | | | 28.02 | |
| 48 | *Тайпа цоял членалгун цадахъ гIамлъул рагIаби.* | *XI. 128, 129 хъвазе.* | *ПастIан* | *§ 33 хI. 130* ***(К/ц)*** | 05.03 | |
| 49 | *Тайпа цоял членал такрар гьари.* | *Карточкабигун хIалтIи.* | | | 07.03 | |
| 50 IVч. | *ХитIаб.* | *XI. 132, 134 бицун тIубазе, 133, 135 хъвазе.* | *Гьинал ракI, пандур, назму* | *§ 34 хI. 136* | 12.03 | |
| 51 | *Гьоркьор кколел рагIаби ва предложениял.* | *XI. 138, 139 хъвазе* | *Узухъда, балики, насибалъ,* | *§ 35 хI. 140* | 14.03 | |
| 52 | *Гьоркьор кколел рагIаби ва предложениял.* | *XI.142 , 141 хъвазе.* | | *§ 35 хI. 144 хъвазе* ***(К/ц)*** | 19.03 | |
| 53 | *РагIаби-предложениял У ва ГУРО. Междометиял рагIаби-предложениял.* | | | *§ 36* | 21.03 | |
| 54 | ***Контролияб хIалтIи (тест) .*** | | | | 02.04 | |
| 55 | ***РатIалъизарурал членалгун предложениял.*** *БатIалъизабураб определение.* | *XI. 147 бицун тIубазе, хI. 148, 149 хъвазе.* | *Лемагалъ, гъоркьарукъ* | *§ 37 хI. 150* ***(К/ц)*** | 04.04 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 56 | БатIалъизабураб цадахълъел. | ХI. 151, 152 бицун тIубазе, хI.153, 155 хъвазе. | | § 38 хI. 156 **(К/ц)** | 09.04 | |
| 57 | **Диктант (тIадкъаялгун).** | | | | 11.04 | |
| 58 | РатIалъизарурал хIалал. | ХI. 159 бицун тIубазе, хI. 157, 159 хъвазе. | | § 39 | 16.04 | |
| 59 | **Калам цебетIезаби.** **Изложение «Рохьихъан».** | | | | 18.04 | |
| 60 | РатIалъизарурал членазда цадахъ хасал рагIаби. | | | | 23.04 | |
| 61 | **Контролияб диктант.** | | | | 25.04 | |
| 62 | VIII классалда малъараб материал такрар гьаби. | | | | 30.04 | |
| 63 | VIII классалда малъараб материал такрар гьаби. | | | | 14.05 | |
| 64 | VIII классалда малъараб материал такрар гьаби. | ХI. 231 хъвазе | | | 16.05 | |
| 65 | Аттестационнияб хIалтIи | | | | 21.05 | |
| 66 | Такрар гьаби. | | | | 23.05 | |
| 67 | Такрар гьаби. | | | | 28.05 | |
| 68 | Такрар гьаби. | | | | 30.05 | |

## *Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ VIII классалъул цIалдохъабазда цере лъолел аслиял тIалабал.*

***ЦIалдохъабазда лъазе ккола:***

- *лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул цIарал;*
- *лъазарурал асаразул аслиял темаби ва гьезул гIуцIиялъул хасал рахъал;*
- *лъазарурал хабариял асаразул багьадуралги, гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъиназул рахасги;*
- *адабияталъул теориялдаса баянал;*
- *драмиял ва лирикагун эпосиял асаразе хасиятал рахъал;*
- *программаялда рихьизарун ругел текстал рекIехъе лъазаризе.*

***ЦIалдохъабазда бажаризе ккола:***

- *хъвадарухъанас гIуцIарал лъугьа-бахъинал пикрудалъ гвангъун церечIезаризе;*
- *художествияб адабият гIелмиябгун публицистикияб адабияталдаса батIа бахъизе;*
- *лъазабулеб асаралда жаниб пикруябгун художествияб рахъ рагьизе;*
- *пикруябгун художествияб рахъ рагьизе сипатиял рагIабазул кIвар батизе;*
- *мугIалимас къураб логикияб суалалда рекъон, асаралъул багьадуразул гIамал-хасият рагьизе;*
- *эпосиял, лирикиял, лирикиялгун эпосиял ва драмиял асарал ратIарахъизе;*
- *художествиял асарал пасихIго цIализе;*
- *хабарияб асаралъе яги гьелъул цо бутIаялъе план бахъизе;*
- *минуталда жаниб 120-130 рагIи кколеб хехлъиялда лъазарурал асарал ритIун, рагIун ва чвахун цIализе;*
- *жиндирго кIалъаялъе план ургъизе;*
- *жинцаго цIалараб асаралъе къимат кьезе, гьеб асаралъул багьадураздехун, лъугьа-бахъиназдехун лъугьараб жиндирго бербалагьи загьир гьабизе.*

| | Дарсил тема | Дарсида гьабулеб хIалтIул система | Словарияб хIалтIи | р/хI | КЪО МОЦ1 | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Байбихьи. Художествияб адабият ва искусствоялъул цогидалги тайпаби. **А/т.** Тарихиябгун адабияб процессалъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи. | Учителас хIадур гьабураб материал цIали | | | 07.09 | |
| 2 | **Халкъияб кIалзул гьунар.** «Суфичи-хиянатчи». | Халкъияб кIалзул гьунаралъе баян къезе. Маргьа цIализе. | Хъирщаизе, чагъана хъвазе, лаилацIогьор, гIарщ, рихъхIарав, амру | Бицине. | 09.09 | |
| 3 | «Суфичи-хиянатчи». | КочIол тема, идея бати, анализ гьаби. | | Гьум. 9-10 (учебник). | 12.09 | |
| 4 | «Суфичи-хиянатчи». | Аслиял героязул образал рагьи. План гIуцIизе. | | | 14.09 | |
| 5 | **Калам цебетIезаби.** Сочинение- пикру загьир гьаби **«Суфичи-хиянатчи» абураб асаралъул хIакъалъулъ.** | | | | 21.09 | |
| 6 | (З. ХIажиевас къачIараб) «Хочбар» | КочIол мисалияб цIали бихьизаби. Учебникалда тIасан цIали. | Вегьизе, чIинчIу, ИгирагIал, мухIур гьабила | ЦIализе, учебник гьум. 10-15 бицине | 23.09 | |
| 7 | «Хочбар» **А/т.** Художествияб сипаталъул хIакъалъулъ баян (портрет). | | | Хочбарица ахIараб кечI рекIехъе лъазаби. | 28.09 | |
| 8 | **Класстун къватIисеб цIали.** **«Азайнисей»** (халкъияб кечI). | | | | 30.09 | |
| 9 | **XIX ГIАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ.** Инхоса ГIалихIажияв «Гьекъел-мехтел». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. КочIол пикру рагьизе. | Дабар, валгьанал, хIасад, ахIибатIахъ нуж балан, жа, гиби, рагI, пайтон | КечI пасихIго цIализе, учебник гьум. 24-26 бицине. | 03.10 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 10 | «Исрапчиясде». | КечI цIализе. КочIол пикру рагьизе, дандекквеял ратизе. | ГIуламаал, пигIлу, мужадил жагьлу, божкъаликье, сахIихI | КечI пасихIго цIализе, учебник гьум. 26-27 бицине.. | 06.10 | |
| 11 | «Ракь». **А/т.** Сипатияб каламалъул (мацIалъул) хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. | КечI цIализе. КочIол пикру рагьизе. **А.т.**баян гьабизе. | Къабилил агьлу, гIодобе охх ин, исрап, залим, вали, наиб | КечI пасихIго цIализе, учебник гьум. 27-29 бицине. | 10.10 | |
| 12 | **Калам цебетIезаби.** **Доклад хIадур гьаби : Инхоса ГIалихIажиясул творчество.** | | | | 13.10 | |
| 13 | ЧIикIаса МухIамад «Имам ГъазимухIамад чIваялде». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество.КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Гъази, ХIабиб, хандакъ, савмагIат, салдар, сургIат, халват, мунапикъ | КечI пасихIго цIализе, учебник гьум. 34 бицине. | 17.10 | |
| 14 | «Имам ГъазимухIамад чIваялде». | КочIол тема ва пикру рагьизе. Учебникалда тIасан цIали. | Гъаплан, гиназ, мушавар, шаргI, халифа, халикъ | Гьум. 35-40 бицине. Суалазде хIадур. | 20.10 | |
| 15 | **Класстун къватIисеб цIали. Инхоса ГIалихIажияв** «Гъурмада берцинлъи гIун». | | | | 24.10 | |
| 16 | Элдарилав «Росу берцин». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество.КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | СурахIи, тIавус, гIанса, хIабибат, тIагIат, азалияб къалам, зарра хъвай, махлукъат | КечI пасихIго цIализе, учебник гьум. 41-42 бицине. | 27.10 | |
| 17 | «Росу берцин». | Учебникалда тIасан цIали. | | Гьум. 45-49 (учебник) бицине. | 07.11 | |
| 18 | «Жергъен гьартун ккана». | КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Халип, уздалъи, тIайра, гьартун ккана, амру, | КечI пасихIго цIализе. | 10.11 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | пурман, сибилалда, гъавали | | | |
| 19 | «Жергъен гьартун ккана». | Учебникалда тIасан цIали. | | Учебник гьум. 43-45 бицине. | 14.11 | |
| 20 | **Калам цебетIезаби. Сочинение ЦIалараб асаралъе къимат кьей.** | | | | 17.11 | |
| 21 | БакъайчIиса ЧIанкIа (Тажудин) «Сайгидул БатIалиде». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество.КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Илгьан, киритал, билхъа, тагIзият, ятимлъи, киласал, кагьанатзаби, Давла, Мисри, Иргьаниб, гьазияв | КечI пасихIго цIализе. Учебник гьум. 51-53 бицине. | 21.11 | |
| 22 | «Сайгидул БатIалиде». | Учебникалда тIасан цIали. | | Учебник гьум. 53-55 бицине. | 24.11 | |
| 23 | **Класстун къватIисеб цIали. МахIмуд «Эбел ва яс».** | | | | 28.11 | |
| 24 | «ТIалхIатиде». | КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Карман, тапсир, хIужра, мусанип, хьирим, тайлан, Шам, къабру, кIалкъолаб, берданка, рухса, хIарбу | КечI пасихIго цIализе. | 01.12 | |
| 25 | «ТIалхIатиде». **А/т.** Антитеза. | Учебникалда тIасан цIали. **А/т.** Антитезаялъе баян кьезе. | | Учебник гьум. 55-57 бицине. | 04.12 | |
| 26 | ХъахIабросулъа МахIмуд «ХъахIилаб зодихъе багIарбакъул нур». | Хъвадарухъаналъул творчество. КочIол мисалияб цIали бихьизаби. | Шагьримоцl, алапа, Бичас, Къадир, Сабаалда Билкъис, Мисри Зулейха, ГIусманиял, тастар, пулуша | КечI пасихIго цIализе. Учебник гьум. 64-66 бицине. | 08.12 | |
| 27 | «ХъахIилаб зодихъе багIабаркъул нур». | Учебникалда тIасан цIали. | | Учебник гьум. 68-69 бицине. ЦIализе, тема ва пикру рагьизе. | 12.12 | |
| 28 | **Калам цебетIезаби. Доклад хIадур гьаби: ХъахIабросулъа МахIмудил творчество.** | | | | 15.12 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 29 | «Рокъул конторалъул кавуги рагъун». | КочIол мисалияб цIали бихьизаби. | Юкка, Асли, панар, гъара, рахIман, сабаалъул гага | КечI пасихIго цIализе. | 19.12 | |
| 30 | «Рокъул конторалъул кавуги рагъун». | Учебникалда тIасан цIализе. | | Учебник гьум. 66-68 бицине. | 22.12 | |
| 31 | «Почтовой кагътиде керенги чучун».<br>**А/т.** Художествияб каламалъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. | Учебникалда тIасан цIали.<br>**А/теориялъе баян кьезе.** | Къайис, Сулейманил тах, хункар | ТIоцебесеб 10 куплет рекIехъе лъазабизе. | 26.12 | |
| 32 | **Класстун къватIисеб цIали.**<br>**ЦIадаса ХIамзат «Хьитазул устар».** | | | | 09.01 | |
| 33 | Инхелоса Къурбан<br>«Наибзаби хIелун» | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КечI цIализе.<br>Учебникалда тIасан цIали. | Партал, низам, гъерезе, лахIту | Учебник гьум. 76-79 бицине.<br>КечI пасихIго цIализе. | 12.01 | |
| 34 | «Борхатаб магIарде». | КечI цIализе.<br>Учебникалда тIасан цIали. | Лачен, гьир, сармал, сси | Учебник гьум. 80-81 бицине.<br>КечI пасихIго цIализе. | 16.01 | |
| 35 | «ГIенекке, йокьулей»,<br>«Бахъа, къалам». | КечI цIализе.<br>Учебникалда тIасан цIали. | ТIалибчи, сагьвиллъи, булбул, гIамбарул тIегь, тIинай меседо, мунапикъзаби, жагьилчи | Учебник гьум. 81-82 бицине.<br>КечI пасихIго цIализе. | 19.01 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 36 | **Калам цебетIезаби.**<br>**Бихьараб киноялъе къимат кьей.** | | | | 23.01 | |
| 37 | Къалухъа Мирза<br>«Ханасе жаваб», «ГIашикъ-булбул». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КучIдул цIали. | Лъурлъудизе, пири, уздензаби | Учебник гьум. 83-86 бицине.<br>КечI пасихIго цIализе. | 26.01 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 38 | Йирчи Гъазахъ<br>«Векьарухъанасул кечI» | КучIдузул мисалияб цIали бихьизаби.<br>Гъазахъил гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ баян. | Инкар, пуруц, къавм | РекIехъе лъазабизе. | 30.01 | |
| 39 | Ятим Эмин<br>«Эминил васият». | Хъвадарухъанасул биография.<br>КечI цIализе. | Ялгъуз, гIузраби | Учебник гьум. 90-91 бицине. КечI насихIго цIализе. | 02.02 | |
| 40 | «КъватIул харбал цIалкIулел херал руччабазде». | КечI цIализе.<br>Учебникалда тIасан цIали. | Анищ, рогьо, хъандезе, махьа, бахьикъос | Учебник гьум. 91-92 бицине. КечI насихIго цIализе. | 06.02 | |
| 41 | **Класстун къватIисеб цIали.**<br>Асадула МухIамаев<br>**«МагIарулай».** | | | | 09.02 | |
| 42 | Мунги Ах1мад<br>«Шамилил суд», «Паналъаяб дуниял». | Хъвадарухъанасул биография.<br>КечI цIализе. | Чабхъад, гъорчIел, мурид, инкар, рогьо, бо, тIимугъ, къатIра, паналъизе, пахъ | Учебник гьум. 93-94 бицине. КечI насихIго цIализе. | 12.02 | |
| 43 | **XIX гIасруялъул адабият.**<br>1917-1946 соназда авар адабият. | Учебникалда тIасан цIали. | | Учебник гьум. 95-99 бицине. | 16.02 | |
| 44 | **Калам цебетIезаби.**<br>ЦIадаса ХIамзат.<br>Доклад хIадур гьаби **«ХIамзат-драматург».** | | | Доклад хIадур гьаби «Хамзат-драматург». | 20.02 | |
| 45 | «Айдемир ва Умайгьанат». | I пардав цIализе. | Курхьен, дахIа, чирмакъали | Ролазде бикьун цIализе. | 23.02 | |
| 46 | «Айдемир ва Умайгьанат». | II пардав цIализе. | ЧохтIо, кIичI, бугьтанал, пунтIизабураб, гъугъараб | Ролазде бикьун цIализе. | 27.02 | |
| 47 | «Айдемир ва Умайгьанат». | III пардав цIализе. | Цеберукь, партал, чехьчурадил, уполкомзаг | Ролазде бикьун цIализе. | 02.03 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 48 | «Айдемир ва Умайгьанат» гӀамлъул дарс. **А/т.** Драмаялъул асаразул аслиял тайпаби (драма, трагедия, комедия, трагикомедия). | Пьесаялъул анализ гьаби, драмаялъул асаразул аслиял тайпабазе баян кьезе. | | Суалазде хӀадурлъизе. | 06.03 | |
| 49 | «ГӀумруялъул дарсал». | Къисаялъул аслиял багьадурал, гьезул сипатал. | Панз, недегьаб, хӀалуцине, хӀамабагьадурлъи, мазлум, ятим, гьодораб | Учебник гьум. 110-114 бицине. Поэма цӀализе. | 09.03 | |
| 50 | МухӀамад Хуршилов <u>«Сулахъалъ нугӀлъи гьабула».</u> «Кьода нус». | ШагӀирасул гӀумру ва тв-во, I-III бутӀа цӀализе. | Щенелеб, гьапуллъи, чӀинхъи, янгъизав, тулакаб, щвантӀих | I-III бутӀа бицине. | 13.03 | |
| 51 | <u>«Сулахъалъ нугӀлъи гьабула».</u> «Кьода нус». | IV бутӀа цӀализе. | Рогьо, гӀункӀрукь, палихъан, сонтӀолълъар | IV бутӀа бицине. | 16.03 | |
| 52 | <u>«Сулахъалъ нугӀлъи гьабула».</u> «Кьода нус». | V-VI бутӀа цӀализе. | Мазгарул, щайтӀанчирахъ, | V-VI бутӀа бицине. | 20.03 | |
| 53 | <u>«Сулахъалъ нугӀлъи гьабула».</u> «Кьода нус». | VII бутӀа цӀализе. | Цудунаб, лабаллъи, кагьру, къавм, гужгат, сугъур | VII бутӀа бицине. | 23.03 | |
| 54 | <u>«Сулахъалъ нугӀлъи гьабула».</u> «Кьода нус». | VIII-X бутӀа цӀализе. | | VIII-X бутӀа бицине. | 03.04 | |
| 55 | **Класстун къватӀисеб цӀали. Машидат Гьайирбекова** **«Вехьасул намус».** | | | | 06.04 | |
| 56 | <u>«Сулахъалъ нугӀлъи гьабула».</u> «Боркьараб рагъ». | I-III бутӀа цӀалила. | Хулхулхъалиян, чали, гьункӀус | I-III бутӀа бицине. | 10.04 | |
| 57 | <u>«Сулахъалъ нугӀлъи гьабула».</u> «Боркьараб рагъ». | Гьум.156-164 цӀализе. | Дангъур, нукар, жиризе, гажал, семизе | Гьум.156-164 бицине. | 13.04 | |
| 58 | <u>«Сулахъалъ нугӀлъи гьабула».</u> «Боркьараб рагъ». | Гьум.165-173 цӀализе. | Сардар, васвас, талавурчагӀи | Гьум.165-173 бицине. | 17.04 | |
| 59 | <u>«Сулахъалъ нугӀлъи гьабула».</u> ГӀамлъул дарс.**А/т.** Хабариял | **А/т.** Хабариял асаразул тайпаби такрар гьаризе, суалазул | | | 20.04 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | асаразул тайпаби такрар гьари (роман, къиса, очерк, хабар). | кумекалдалъун анализ гьаби. | | | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 60 | **Класстун къватIисеб цIали.** **ГIумархIажи Шахтаманов** **«Ихдалил чапар».** | | | | 24.04 | |
| 61 | МухIамад Шамхалов «Вац». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. Хабар цIализе. | Таваккал тIамизе, лажбар, гъансито | Бицине. | 27.04 | |
| 62 | «Вац». | Учебникалдаса цIали. | | Учебникалдаса бицине, гьум. 127-130. | 04.05 | |
| 63 | Анвар Аджиев «БахIарчиясул куркьби». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КечI цIализе. | Гъабугьине, ихх, назмаби | КечI цIализе,учебникалда-са бицине 131-132. | 11.05 | |
| 64 | Юсуп Хаппалаев «Оцбай». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КечI цIализе. | ЦIункIулукIал, гIидра, маржанал, хIалуцине, сирт, пуруц-рукь, паркьи | КечI цIализе, учебникалда-са бицине 133-135. | 15.05 | |
| 65 | «Халкъияб кечI». | КечI цIализе. | | РекIехъе лъазаби. | 18.05 | |
| 66 | «Халкъияб кечI». | | Гьинал ракI, къоно, сарин, званагъезе, чагъана | Учебникалдаса бицине 136-138. | 22.05 | |
| 67 | Муталиб Митаров «Устар». | Авторасул гIумру ва тв – во. Поэма цIализе. | Халича, бессизе, щвантIих, кор | Учебникалдаса бицине 139-141. | 25.05 | |
| 68 | Такрар гьаби. | | | | 29.05 | |

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

СВЕДЕНИЯ О СЕРТИФИКАТЕ ЭП

Сертификат 603332450510203670830559428146817986133868575785

Владелец Омаров Халид Насрулаевич

Действителен С 31.03.2021 по 31.03.2022